



Chè Kontribyab:

Dosye Taks sou revni yo demontre ou kapab benefisye yon Kredi Taks Revni Travay (Earned Income Tax Credit, EITC) pou lane 2017 la nan Sèvis Kontribisyon (Internal Revenue Service, IRS). Ou kapab benefisye li selon revni ou te deklare antanke anplwaye oswa travayè endepandan nan deklarasyon Taks federal ou an nan ane 2017 la kit ou te deklare oswa pa te deklare moun ki responsabilite ou yo.

Avan tout bagay, ou ta dwe verifiye si w reponn ak kondisyon EITC federal la pandan w ap vizite [www.irs.gov/EITC](http://www.irs.gov/EITC). Apresa, konplete fòm yo bay lan epi voye yo bay IRS nan anvlòp lan fèmen ki tou gen adrès lan sou li **avan 15 avril 2021**.

- Si w te deklare ou gen timoun sou kont ou, w ap jwenn yon Fich Deklarasyon EIC ladan li. Sonje pou w mete non w ak Nimewo Sekirite Sosyal ou nan tèt fòm lan.
- Nan Fòm 1040X ki pa fin ranpli a ekri nimewo Sekirite Sosyal ou an epi, si se yon deklarasyon kolektif ou te fè, ekri nimewo Sekirite Sosyal mari/madanm ou an.
- Siyen Fòm 1040X lan epi, si w te fè yon deklarasyon kolektif, fè mari/madanm ou siyen li tou.

**Ou dwe deklare kredi ou nan Sèvis Kontribisyon (IRS) avan 15 avril 2021, oswa l ap ekspire.**

Tanpri sonje ou kapab kalifye pou benefisye Kredi Taks Revni Travay eta ak vil lan tou. Si w kalifye, Eta New York lan pral enfòme w nan semèn ki gen pou vini yo. Ou pa bezwen fè anyen pou sa.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan avi sa a, tanpri telefone 311. Si w deyò Vil New York la, oswa pou sèvis relè, rele nan (212) 639-9675

Sensèman,

Depatman Finans Vil New York (NYC Department of Finance)

P.S Ane sa a si w gen bezwen èd ak Taks ou yo, ou kapab benefisye pwogram Preparasyon Taks Gratis (Free Tax Prep) Vil New York lan. Vizite [www.nyc.gov/taxprep](http://www.nyc.gov/taxprep) oswa rele nan 11 pou w ka jwenn plis enfòmasyon epi jwenn yon biwo ki toupre ou.



Department of Finance

Kesyon moun poze souvan sou  
**KREDI FISKAL REVNI TRAVAY**  
**(EARNED INCOME TAX CREDIT, EITC)**

**1. Poukisa mwen resevwa enfòmasyon sa a?**

Nou panse w kapab benefisyè yon Kredi Taks Revni Travay nan nivo federal la paske nou revize deklarasyon Taks ou pou lane 2017 la. Etandone w pa resevwa kredi a, ou kapab depoze yon deklarasyon Taks modifiye lane 2017 pou mande yo ranbouse w peman IRS lan.

**2. Kisa Kredi Taks Revni Travay lan ye?**

Kredi Taks Revni Travay lan se yon ranbousman gouvènman bay kontribyab ki kalifye yo. Ou dwe gen revni apati yon salè oswa antanke yon travayè endepandan pandan ane 2017 lan pou w ka resevwa avantaj sa a. Ni IRS, ni eta New York la, ansanm ak Vil New York lan yo tout bay kontribyab ki kalifye yo EITC a.

**3. Kiyès ki kalifye?**

Ou kapab verifye kondisyon kalifikasyon EITC yo nan [www.irs.gov/eitc](http://www.irs.gov/eitc)

**4. Èske mwen dwe gen timoun pou mwen kalifye?**

Non, EITC a disponib pou moun ki selibatè oswa pou fanmi ki pa gen timoun si revni w te pi piti pase \$15,010 (selibatè) oswa \$20,600 (moun marye, depozisyon kolektif) epi ni ou menm (oswa mari/madanm ou) te gen ant 25 lane pou rive 64 lane pandan ane 2017 la.

**5. Èske mwen kapab resevwa EITC pou lòt ane yo?**

Wi. Si w pa te fè demand kredi a pandan w t ap deklare taks ou yo, ou kapab depoze fòm taks federal 1040X modifiye a pou mande EITC a jiska twa lane. Kourye sa a vini ak fòm lan pou lane 2017 lan. Ou kapab toujou depoze yon deklarasyon Taks modifiye pou mande kredi pou 2018 ak 2019 lan si panse w elijib. Sonje mande EITC a pandan w ap ranpli deklarasyon Taks lane 2020 ou an, si w panse w elijib.

**6. Kijan mwen kapab mande EITC a pou ane Taks 2017 lan?**

Sèlman swiv etap yo enimerè nan pwen yo bay ki nan lèt lan.

**7. Kisa k ap pase si mwen pa mande EITC a ki nan deklarasyon Taks eta mwen an?**

Si w elijib pou kredi EITC eta epi/oswa vil lan, Depatman Finans ak Taks Eta New York lan pral kontakte w nan semèn k ap vini yo la. Ou pa gen anyen pou ou fè.

**8. Kijan mwen kapab resevwa èd siplemantè pou mwen prepare taks federal mwen yo?**

Nan Vil New York lan, pwogram Preparasyon Taks Gratis lan (NYC Free Tax Prep) kapab ede w ranpli taks ou yo epi mande kredi enpòtan yo gratis. Vizite [www.nyc.gov/taxprep](http://www.nyc.gov/taxprep) oswa rele nan 11 pou w ka jwenn plis enfòmasyon epi jwenn yon biwo ki toupre ou. Ou kapab rele IRS tou nan (800) 906-9887 oswa vizite [www.irs.gov](http://www.irs.gov) pou ou jwenn yon biwo nan Vil New York lan oswa yon lòt kote.

**9. Kijan mwen kapab resevwa èd siplemantè pou mwen prepare taks eta mwen yo?**

Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon preparasyon taks eta ou an ansanm ak EITC a, tankou biwo ak dokiman obligatwa yo, rele nan 311 epi mande pou jwenn "èd preparasyon taks gratis." Ou kapab vizite [www.nyc.gov/taxprep](http://www.nyc.gov/taxprep) tou.